

---

TOUAZIÈM CHAPIT  
**Mouin kouè nan Éspri-Sin-an**

---

ATIK 9  
**« Mouin kouè légliz-la sin é li la pou tout  
moun » (Sint Égliz katolik)**

**PARAGRAF 2. *L'Égliz-La – Pèp Bondié, Kò Kris-La, Tanp  
Éspri-Sin-an***

**I. L'Égliz-la – Pèp Bondié-a**

781 « Nan tout tan ak nan tout nasion, Bondié aksépté résévoua ninpòt  
moun ki gin krintif pou li épi ki aji avèk jistis. Min sa té fè Bondié plézi  
pou li pa fè moun-yo vîn sin épi sovè yo chak séparéman, kòm si pou yo  
pa t-a gin rélation youn ak lòt, min li té vlé fè yo fòmé yon pèp ki t-a  
konnin-l nan vérité épi sèvi-l nan viv sin. Li chouazi pakèt foul Israèl-la  
pou pèp-li, li établi yon aliens avè-l épi li instrui-l ofiamézi antan-l  
montré-l pròp tèt-li ak désizion volonté-l nan istoua pèp-la, épi li  
konsakré-l pou li. Min tou sa té rivé an préparasion épi kòm pòtré Nouvo  
Aliens sa-a ki apouin nèt-la ki ta gin pou fèt nan Kris-la [...]. Nouvo  
Aliens sa-a sètadi Nouvo Téstaman-an, Kris-la établi-l nan san-l, antan li  
rélé pakèt foul sot nan Juif-yo ak nasion-yo, ki pa t-a réyini dapré chè-a,  
min ki vîn fè youn nan Éspri-a » (LG 9).

**Karakteristik Pèp Bondié-a**

782 Pèp Bondié-a gin karakteristik ki distingé-l klèman parapò a tout  
871 groupman rélijyé, étnik, politik oubyin kiltirèl nan istoua-a :

2787 – Li sé Pèp *Bondié* : Bondié pa propriété privé okinn pèp. Min li-minm li  
vîn gin yon pèp apati sa-yo ki pa-t yon pèp anvan : « yon ras chouazi, yon  
péyi-roua prèt, yon nasion ki sin » (1 P 2, 9).

1267 – Yon moun vîn tounin *manb* pèp sa-a, sé pa dapré nésans fizik-la, min  
dapré nésans « sot anro-a », « sot nan dlo ak Éspri-Sin-an » (Jn 3, 3-5),  
sètadi palintèmediè lafoua nan Kris-la épi Batèm-nan.

695 – *Tèt* pèp sa-a sé Jézu Kris-la (sa-k gin Onksion-an, Mési-a) : paské minm  
Onksion-an, Éspri-Sin-an, koulé sot nan Tèt-la al nan kò-a, li sé « pèp  
mésianik »-la.

- 1741 – « Pèp sa-a gin kòm *kondision* : dignité ak libète pitit Bondié-yo ; nan kè yo Éspri-Sin-an abité tankou nan yon tanp ».
- « Li gin kòm *laloua* nouvo kòmandman pou li rinmin minm jan Kris-la li-minm té rinmin nou-an » (cf. Jn 13, 34). Sa-a sé « nouvo » laloua Éspri-Sin-an (Rm 8, 2 ; Ga 5, 25).
- 849 – *Mision*-l, sé pou-l tankou sèl tè-a épi limiè tè-a (cf. Mt 5, 13-16). « Pout tout [...] ras moun-nan li sé jèm ki asiré tout bon pou unité-a, éspérans-la ak sovè-a ».
- 769 – Anfin, li gin kòm *aboutisman* « Péyi-roua Bondié-a, sé Bondié minm ki kòmansé-l dépi sou tè-a, l-ap laji-l toujou pi plis, joustan nan fin sièk-yo li-minm minm li pral akonpli-l » (LG 9).

### Yon pèp prèt, profèt épi roua

- 783 <sup>436</sup> <sup>873</sup> Jézu-Kri, Papa-a té ba li onksion ak Éspri-Sin-an épi té fè-l « Prèt, Profèt épi Roua ». Tout pèp Bondié-a patisipé nan toua fonksion sa-yo épi li poté réponsabilité mision ak sèvis ki soti nan yo (cf. RH 18-21).
- 784 <sup>1268</sup> Lè yon moun antré nan pèp Bondié-a palintèmediè lafoua-a épi Batèm-nan, li résevoua patisipasion nan sèl vokasion pèp sa-a : nan vokasion *sasèrdotal* li-a : « Kris-la, Granmèt-la, Gran-Prèt yo pran pami moun-yo “fè” nouvo pèp-la vîn “tounin [...] péyi-roua, épi prèt pou Bondié ak Papa-li”. Sa-yo ki résevoua batèm-nan, réyèlman, gras a nouvo nésans-la épi onksion Éspri-Sin-an, yo *konsakré* kòm kay siprituèl épi sasèrdòs ki sin » (LG 10).
- 785 <sup>92</sup> « Pèp Bondié-a ki sin-an patisipé tou nan fonksion *profètik* Kris-la ». Sitou palintèmediè intèlijans lafoua-a tout pèp-la ginyin-an, ni layik-yo ni yérarchi-a, ki fè-l « rété kolé san-l pa lagé nan lafoua yo té transmèt bay sin-yo yon foua pou tout-la » (LG 12) épi li antré pi afon nan konpréansion-l épi li tounin témouin Kris-la nan mitan tè sa-a.
- 786 <sup>2449</sup> <sup>2443</sup> Anfin, pèp Bondié-a patisipé nan fonksion *rouayal* Kris-la. Kris-la égzèsé kòmandman-l kòm roua antan-l ralé tout moun-yo vîn jouinn li palintèmediè Lanmò-l ak Réziréksion-l nan (cf. Jn 12, 32). Kris-la, Roua épi Granmèt tout inivè-a, té vîn tounin ésklav tout moun, poutèt « li pa-t vini pou-l fè yo sèvi-l, min pou-l sèvi épi pou-l rinmèt lavi-l kòm Rédanmsion pou pakèt moun-yo » (Mt 20, 28). Pou krétyin-an, « kòmandé kòm roua sé sèvi » Kris-la (LG 36) ; sitou l’Égliz-la « rékonèt nan pòv-yo ak sa k-ap souffri-yo pòtré Fondatè li-a ki pòv é k-ap souffri » (LG 8). Pèp Bondié-a réalizé « dignité-l kòm roua » antan-l viv dapré vokasion pou-l sèvi avèk Kris-la.

« Tout moun-yo réyèlman ki gin nouvo nésans nan Kris-la, sign koua-a fè yo roua, onksion Éspri-Sin-an konsakré yo kòm prèt, pou andéyò sèvis ministè spésial nou-an, tout krétyin-yo ki siprituèl épi rézonab rékonèt yo sé manb ras roua-a épi yo gin fonksion *sasèrdotal*-la. Kisa réyèlman ki pi rouayal pasé pou yon nanm gouvènè kò-l antan-l soumèt bay Bondié ? Épi ki sa ki pi

sasèrdotal pasé pou ofri Granmèt-la yon konsians ki pròp, épi prezanté sakrifis piété ki san tach sou otèl kè-a ? » (S. Léon le Grand, serm. 4, 1 : PL 54, 149).

## II. L'Égliz-la – Kò Kris-la

### L'Égliz-la sé kominion avèk Jézu

787 Dépi nan kòmansman, Jézu asosié disip li-yo ak lavi pa-l la (cf. Mc 1, 16-20 ; 3, 13-19) ; li révéle yo mistè Rouayòm-nan (cf. Mt 13, 10-17) ; li fè yo patisipé nan mision-l nan, nan kè kontan-l nan (cf. Lc 10, 17-20) épi nan soufrans li-yo (cf. Lc 22, 28-30). Jézu palé osijè yon kominion k-ap pi intim toujou ant li-minm ak sa-yo ki pral suiv li-a : « Rété nan mouin, épi  
735 mouin minm nan nou. [...] Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch-yo » (Jn 15, 4-5). Épi li anonsé yon kominion voualé an mistè min ki réyèl ant kò li-a ak pa nou-an : « Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, li rété nan mouin épi mouin minm nan li » (Jn 6, 56).

788 Lè prezans li-a kot disip-yo pa-t vizib ankò, Jézu pa kité yo òfélin (cf. Jn 14, 18). Li té promèt yo l-ap rété avèk yo jous nan finisman tan-yo (cf. Mt 28, 20). Li voyé Éspri li-a ba yo (cf. Jn 20, 22 ; Ac 2, 33). Konsa  
690 kominion avèk Jézu-a vîn pi fò ankò yon sètin fason : « Antan-l kominiké Éspri li-a, réyéman, li rélé frè-l yo sot nan tout nasion-yo, épi li établi yo kòm kò mistik-li » (LG 7).

789 Konparézon l'Égliz-la avèk yon kò mété yon limiè sou konéksion intim ki ginyin ant l'Égliz-la ak Kris-la. L'Égliz-la pa sèlman rasanblé  
521 *alantou* li ; min li fè youn *nan* li, nan kò li-a. Gin toua aspè l'Égliz-la kòm kò Kris-la yo doué souligné yon fason pi spésifik : fason tout manb yo fè youn antré yo palintèmediè union yo avèk Kris-la ; Kris-la ki Tèt kò-a ; Égliz-la, Épouz Kris-la.

#### « Yon sèl kò-a »

790 Moun ki kouè-yo, ki bay Paròl Bondié-a yon répons épi ki vîn tounin  
947 manb kò Kris-la, yo vîn fè youn byin séré ak Kris-la : « Nan kò sa-a lavi Kris-la gayé nan sa ki kouè-yo, sa-yo, gras a sakréman-yo, yon fason kaché min ki réyèl, yo fè youn ak Kris-la ki té soufri-a épi ki nan gloua-a » (LG 7). Sa sé vré spésyalman osijè Batèm-nan ki fè nou fè youn ak  
1227 lanmò épi réziréksion Kris-la (cf. Rm 6, 4-5 ; 1 Co 12, 13), épi Ékaristi-a  
1329 koté « antan nou patisipé tout bon vré nan Kò Kris-la », « yo lévé nou vîn nan kominion avèk li épi youn ak lòt » (LG 7).

791 Poutèt kò-a fè youn-nan, sa pa éliminé divèsité manb-yo : « Nan  
814 konstriksion Kò Kris-la, sé nòm al pou gin diféran manb ak fonksion. Sé  
1937 yon sèl Éspri-a k-ap distribué diféran kado-l yo dapré richès li-yo ak nésésité sèvis ministè-yo dapré sa ki itil l'Égliz-la » (cf. 1 Korintyin 12,1-

11). Fason kò mistik-la fè youn-nan produi charité-a pami fidèl-yo épi chofé-l : « Sé sa-k fè, si yon sèl manb ap soufri, sé tout manb-yo k-ap soufri ak li ; oubyin si yon sèl manb alonè, tout manb-yo kontan avèk li » (LG 7). Anfin, fason kò Kris-la fè youn-nan ranpòté viktoua sou tout divizion pami moun-yo : « Réyèlman nou tout ki batizé nan Kris la, nou abiyé ak Kris-la. Pa gin késion Juif ni Grèk, nan pouin ni ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : sèké nou tout sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu » (Ga 3, 27-28).

« **Pou kò sa-a, Kris-la sé Tèt-la** »

792 Kris-la « sé tèt kò l'Égliz-la » (Col 1, 18). Sé li ki Kòmansman  
669 kréasion-an ak Rédanmsion-an. Antan-l lévé anlè nan gloua Papa-a, sé li-  
1119 minm ki « kinbé prémié ran-an nan tout bagay » (Col 1, 18), sitou nan  
l'Égliz-la k-ap fè-l déplouayé Rouayòm li-an sou tout bagay.

793 *Li fè nou fè youn ak Pak li-a* : Tout manb-yo doué fè éfò pou yo vîn  
661 sanblé avèk li « joutan Kris-la fòmé » nan yo (Ga 4, 19). « Sé pou sa li  
519 pran nou ak li nan mistè lavi li-yo, [...] nou asosyé nan soufrans li-yo  
tankou kò-a ak Tèt-la, n-ap soufri ansanm avèk li, pou nou kapab nan  
gloua ansanm avèk li » (LG 7).

794 *Li bay davans sa-k pèmèt nou grandi* (cf. Col 2, 19) : Pou-l fè nou  
872 grandi nan li-minm, Tèt nou-an (cf. Ep 4, 11-16), Kris-la dispozé nan kò  
li-a, nan l'Égliz-la, kado ak ministè pou nou kapab édé youn lòt sou  
chémin sovè-a.

795 Kris-la ak l'Égliz-la donk sé « *Kris total-la* » (*Christus totus*). L'Égliz-  
695 la fè youn ak Kris-la. Sin-yo té gin yon konsians byin vif osijè unité sa-a :

« Sé poutèt sa an nou fè konpliman épi an nou rann gras, non sèlman paské  
nou vîn tounin krétyin, min paské nou vîn tounin Kris-la. Èské nou  
konprann, frè-m yo, lagras Bondié sou nou nan Tèt-la ? Admiré, réjouï, nou  
vîn tounin Kris-la. Si réyèlman li sé Tèt, nou-minm nou sé manb ; yon sèl  
moun total, li-minm ak nou-minm. [...] Plénitud Kris-la donk, Tèt-la ak  
manb-yo. Sa sa yé Tèt-la épi manb-yo ? Kris-la ak l'Égliz-la » (S. Augustin,  
ev. Jo. 21, 8).

« Rédanmtè nou-an prezanté-l kòm yon sèl pèrsòn ak sint Égliz-la li pran  
pou li-a » (S. Grégoire le Grand, mor. præf. 1, 6, 4 : PL 75, 525A).

1474 « Tèt-la ak manb-yo sé tankou yon sèl pèrsòn mistik-la » (S. Thomas d'A., s.  
th. 3, 48, 2, ad 1).

Gin yon paròl sint Jàn d'Ark té di jij li-yo ki rézimité déklarasion lafoua sin  
Savan sakré-yo épi ki éksprimé bon sans moun ki kouè-yo : « Osijè Jézu-Kri  
ak l'Égliz-la, mouin pansé sé yon sèl bagay ansanm épi yo pa doué fè okinn  
difikilté osijè sa » (Jeanne d'Arc, proc.).

**L'Égliz-la sé Épouz Kris-la**

796 Fason Kris-la ak l'Égliz-la fè youn-nan, Tèt-la ak manb kò-yo, sa  
 inpliké distinksiyon yo toulèdé tou nan rélasion pèsonèl-la. Aspè sa-a anpil  
 757 fousa yo ékprimé-l ak imaj épou-a épi épouz-la. Pèspéktiv Kris-la kòm  
 219 Épou l'Égliz-la Profèt-yo té préparé-l épi Jan-Batis té anonsé-l (cf. Jn 3,  
 29). Granmèt-la li-minm té dézigné pròp tèt-li kòm « Mésié k-ap marié-  
 772 a », « Épou-a » (Mc 2, 19 ; cf. Mt 22, 1-14 ; 25, 1-13). Apot-la prezanté  
 1602 l'Égliz-la épi chak fidèl, manb nan kò li-a, kòm Épouz Kris Granmèt-la  
 « ki marié ak li » pou-l yon sèl Éspri avèk li (cf. 1 Co 6, 15-16 ; 2 Co 11,  
 2). Li sé Épouz san tach (imakilé) Mouton san tach-la (imakilé) (cf. Ap  
 22, 17 ; Ep 1, 4 ; 5, 27), sa Kris-la té rinmin-an, sa-l té rinmèt pròp tèt-li  
 1616 pou li-a « pou-l té fè-l vîn sin » (Ep 5, 26), sa li asosié avèk li-a ak yon  
 Alians pou tout tan, épi li pa janm sispann pran souin-l tankou pròp kò li-a  
 (cf. Ep 5, 29).

« Li tounin Kris total-la, tèt épi kò, épi apati anpil yon sèl. [...] Soua sé tèt-la  
 minm k-ap palé, soua sé manb-yo k-ap palé, sé Kris-la k-ap palé : li palé  
 dapré tèt-la pèsonèlman (*ex persona capitis*), li palé dapré kò-a pèsonèlman  
 (*ex persona corporis*). Min kisa yo té di ? “Yo dé-a y-ap vîn yon sèl chè.  
 Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris-la ak Égliz-la” (Ep 5, 31-32).  
 Épi li-minm nan Évanjil-la : “Sé poua yo pa dé ankò, min sé yon sèl chè yo  
 yé” (Mt 19, 6). Réyèlman jan nou ouè-a sé dé pèson yo yé nan yon fason,  
 époutan yo fè yon sèl nan union konjugal-la [...]. *Kòm tèt, li di-l sé*  
*“Épou” ; kòm kò, li di-l sé “Épouz”* » (S. Augustin, Psal. 74, 4).

**III. L'Égliz-la – Tanp Éspri-Sin-an**

797 « Sa léspri-nou yé, sètadi nanm-nou, pou manb nou-yo, sé sa Éspri-  
 813 Sin-an yé pou manb Kris-yo, pou kò Kris-la, ki l'Égliz-la » (S. Augustin,  
 serm. 267, 4 : PL 38, 1231D). « Sé sou kont Éspri Kris-la minm, tankou  
 yon prinsip yo pa kapab ouè, yo doué mété tou rété tout pati kò-a rété fè  
 youn-nan ni youn ak lòt ni ak Tèt yo-a ki anlè nèt-la, paské li toutantié  
 586 nan Tèt-la, li toutantié nan Kò-a, li toutantié nan chak manb-yo » (Pie XII,  
 Enc. "Mystici Corporis" : DS 3808). Éspri-Sin-an fè l'Égliz-la tounin  
 « tanp Bondié vivan-an » (2 Co 6, 16 ; cf. 1 Co 3, 16-17 ; Ep 2, 21) :

« Réyèlman sé bay l'Égliz-la yo konfié kado Bondié-a [...] épi sé nan li yo  
 dépozé kominion ak Kris-la, sètadi Éspri-Sin-an, garanti inoposibilité  
 dékonpozision-an épi konfirmasion lafoua nou-an épi néchèl pou monté kot  
 Bondié-a. [...] Réyèlman koté l'Égliz-la yé, sé la Éspri Bondié-a yé tou ; épi  
 koté Éspri Bondié-a yé, sé la l'Égliz-la yé ak tout lagras-la » (S. Irénée, hær.  
 3, 24, 1).

798 Éspri-Sin-an sé « prinsip tout aksion vivan épi ki réyèlman sové nan  
 737,, ninpòt pati kò-a » (Pie XII, enc. "Mystici Corporis" : DS 3808). Li aji nan  
 diféran fason pou-l konstrui tout kò-a nan charité-a (cf. Ep 4, 16) :

1091-1109 palintèmediè Paròl Bondié-a « ki gin pouvoua pou-l bati nou » (Ac 20, 32), palintèmediè Batèm-nan ki fè-l fòmé kò Kris-la (cf. 1 Co 12, 13) ;  
 791 palintèmediè sakrèman-yo ki bay manb Kris-yo kouasans ak gérizon ;  
 palintèmediè lagras Apot-yo ki vini anvan nan pami kado-yo (LG 7),  
 palintèmediè vèrtu-yo ki fè aji dapré sa-k byin-an, anfin palintèmediè gras  
 spésial-yo (sa yo rélé « karism »-yo) ki fè fidèl-yo « vîn préparé épi yo  
 tou dispozé pou aksépté rèsponsabilité diféran aktivité oubyin fonksion ki  
 itil pou rénovlé épi dévlopé konstriksion l'Égliz-la » (LG 12 ; cf. AA 3).

### **Karism-yo**

799 Karism-yo kit yo ékstraòdinè kit yo sinp épi byin ba, sé gras Éspri-Sin-  
 951, 2003 an ki itil dirèktèman oubyin indirèktèman pou l'Égliz-la, nan mézi yo fèt  
 pou bati l'Égliz-la, pou byin moun-yo épi pou sa tè-a bézouin.

800 Moun ki résévoua karism-yo doué aksépté yo avèk rékonésans, ni tout  
 manb l'Égliz-la tou. Réyéلمان vré, sé mèvèy richès lagras-la yo yé pou  
 bay apostola-a lavi épi pou fè tout kò Kris-la vîn sin ; nan mézi sé kado ki  
 vrèman soti nan Éspri-Sin-an épi yo égzèsé yo yon fason ki konfòm ak  
 véritab élan minm Éspri-a, sètadi dapré charité-a ki véritab mézi karism-  
 yo (cf. 1 Co 13).

801 Nan sans sa-a, li toujou nésésè pou fè disènman karism-yo. Okinn  
 karism pa andéyò rélasyon ak soumission bay Pastè l'Égliz-la. Yo minm  
 894 « sé rèsponsabilité yo spésialman pou yo pa étinn Éspri-a min pou yo  
 sondé tout bagay épi pou yo kinbé sa ki byin-an » (LG 12), yon fason pou  
 tout karism-yo nan divèsité yo ak nan konplémantarité yo, yo travay  
 1905 ansanm « pou sa-k itil-la » (1 Co 12, 7) (cf. LG 30 ; CL 24).

### **RÉZIMÉ**

802 *Kris Jézu « té rinmèt tèt-li pou nou, pou-l té kapab rachté nou sot nan  
 tout kalité péché, pou-l té kapab pròpté yon pèp ki fè-l plézi, ki cho  
 pou fè sa-k bon » (Tt 2, 14).*

803 *« Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasyon ki  
 sin, yon pèp Bondié posédé » (1 P 2, 9).*

804 *Sé palintèmediè lafoua ak Batèm-nan yo antré nan pèp Bondié-a. « Sé  
 tout moun yo rélé pou vîn nan nouvo Pèp Bondié-a » (LG 13), yon  
 fason pou nan Kris-la « moun-yo vîn fòmé yon sèl fanmi épi yon sèl  
 pèp Bondié-a » (AG 1).*

805 *L'Égliz-la sé kò Kris-la. Palintèmediè aksion Éspri li-a nan sakrèman-  
 yo, sitou nan Ékaristi-a, Kris-la ki mouri épi ki résisité-a fòmé  
 kominoté moun ki kouè-yo kòm pròp kò-l.*

- 806 *Nan kò sa-a ki fè youn-nan gin divès manb ak divès fonksion. Tout manb-yo fè youn ansanm youn ak lòt, spésyalman avèk sa k-ap soufri-yo, pòv-yo épi sa k-ap sibi pèsékision-yo.*
- 807 *L'Égliz-la sé kò sa-a Kris-la sé Tèt li-a : sé apati Kris-la, nan li, pou li, l-ap viv ; Kris-la minm ap viv avèk li épi nan li.*
- 808 *L'Égliz-la sé Épouz Kris-la : li té rinmin-l épi li té rinmèt pròp tèt-li pou li. Li té pròpté-l palintèmediè san-l nan. Li fè-l tounin yon Manman k-ap donnin tout pitit Bondié-yo kòm frui.*
- 809 *L'Égliz-la sé tanp Éspri-Sin-an. Éspri-a sé tankou nanm kò mistik-la, prinsip lavi li, prinsip ki fè-l fè youn nan divèsité ak richès kado-l yo épi karism li-yo.*
- 810 *« Konsa l'Égliz inivèsèl-la parèt tankou “yon pèp ki rasanblé apati unité Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an” (S. Cyprien, Dom. orat. 23 : PL 4, 535C-536A) » (LG 4).*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)